

**GLOBAL JUSTICE CLINIC**  
**WASHINGTON SQUARE LEGAL SERVICES, INC.**

245 SULLIVAN STREET, 5th FLOOR, NEW YORK, NY 10012, USA  
TEL: +1-212 992-8899 - FAX: +1-212- 995-4031

MARGARET L. SATTERTHWAITE  
*Professor & Supervising Attorney*

MEERA SHAH  
*Clinical Teaching Fellow*

15 Novanm 2014

Dr. Jim Yong Kim, Prezidan Bank Mondyal

cc: Sophie Sirtaine, Direktè Gwoup pou Rejyon Karayib pou Bank Mondyal  
Mary Barton-Dock, Anwaye Spesyal Bank Mondyal pou Ayiti, Amerik Latin, ak Karayib  
Paulo de Sa, Direktè Inite Petwòl, Gaz, e Aktivite Minyè, nan Depatman Enèji Dirab  
Remi Pelon, Spesyalis sou Aktivite Minyè, Enèji, Petrol, Gaz, e Aktivite Minyè Dirab  
Michelle Keane, Chef Pwogram Ayiti, Bank Mondyal

cc: Panèl Enspeksyon nan Bank Mondyal (The World Bank Inspection Panel)  
World Bank  
1818 H Street, NW  
Washington, DC  
20433 USA

**Re: Preyokipasyon ki Konsène Finansman Adisyonèl pou Pwojè pou Relèvman Post-Ijans Enfrastrikti ak Institisyon (Infrastructure & Institutions Emergency Recovery Project- Additional Funding, (IIERP AF)), Repiblik Dayiti.**

Mesye Prezidan Kim:

Pandan denyè ane yo, Bank Mondyal bay Gouvènman Ayiti asistans teknik ak asistans finansyè pou aktivite Minyè, atravè Etablisman pou Konsiltasyon Teknik pou Endistri Minyè (Extractive Industries Technical Advisory Facility, EI-TAF) epi atravè yon don finansman adisyonèl (AF) a pwojè ki rele Pwojè pou Relèvman Post-Ijans Enfrastrikti ak Institisyon (Infrastructure & Institutions Emergency Recovery Project, IIERP, P130749, ansanm, IIERP AF). Nou soumèt lèt sa, kom manm ak reprezantan kominote ak endividi, ki fè eksperyans, epi ki gen lapèrèz pou dega sou lavni, ki gen dwa fèt gras a asistans Bank Mondyal bay Gouvènman Ayiti, an relasyon ak aktivite minyè lò ak lòt resous anba tè.

Siyatè lèt sa, se divès òganizasyon k ap defann dwa moun nan peyi Dayiti, ki gen kom manm ak baz sipò, lokal epi nasyonal (ladan yo, nou twouve kominote afekte pou aktivite min nan Depatman Latibonit, Sant, Nò, Nòdwès, epi Nòdès, an Ayiti), epi tou, Klinik Jistis Global nan Fakilte Dwa NYU (Inivèsite New York), ki reprezante manm ak kominote devlopman ak refòm sèktè min nan peyi Dayiti, deja afekte, epi pral kontinye afekte. Lèt sa ekspriye preyokipason komen kominote sa yo ak òganizasyon sa yo ki deja viktim dega, epi ki pè dega nan lavni, dega enplikasyon Bank Mondyal nan sèktè min an Ayiti pral pwovoque.

## Enfòmasyon sou Pwojè a

IIERP AF te apwouve 27 septan, 2013. Li konte rebati enstitisyon ak enfrastrikti apre tranblemantè ki te devaste Ayiti an janvyè 2010. Pami objektif pwojè a deklare, yo genyen amelyorasyon efikasite ak transparans itilizasyon resous piblik, ranfòsman sistèm jesyon nan sèktè piblik, amelyorasyon enfrastrikti piblik, tankou ayewopò ak wout, apwovizyonman sipò pou MTPTC (Ministè Travay Piblik, Transpò, Enèji, ak Kominikasyon).<sup>1</sup> Pami objektif espesifik nan pwojè a genyen objektif pou “bati ekite ak responsabiltè atravè refòm politik, epi mizajou kad regleman ak kad legal sèktè enpòtan tankou enèji ak aktivite minyè.”<sup>2</sup> Enfòmasyon an detay sou aktivite Bank Mondyal nan pwojè sa vreman minim. Sepandan, nou apran aktivite Bank Mondyal lan nan sèktè sa gen ladan yo: travay entansif pou ekri yon nouvo lwa minyè nasyonal; ranfòsman kapasite *Bureau des Mines et de l'Énergie* (Biwo Min ak Enèji, BME), asistans ak kadas minyè (dokiman resansman pwopriyete tè), ak lòt aktivite ki gen rapò ak devlopman sèktè minyè.

## Deklarasyon Preyokipasyon Nou

Nou ekri pou nou eksprime preyokipasyon nou:

- (1) Kominote nan peyi Dayiti, sitou moun afekte pou aktivite min, poko byen enfòm sou devlopman sèktè min epi yo poko patisipe nan yon konsiltasyon sifizan.
- (2) Lejislasyon pwopoze min nan (“pwojè lwa a”)<sup>3</sup>, ki se yon dokiman yon Gwoup Travay Teknik Bank Mondyal ak ofisyèl gouvènman ayisyen kreye, si li jwen fòs lalwa, li p ap reyisi bay bon jan pwoteksyon anviwonman ni li ta pwoteje dwa pèp Ayisyen yo, ki ta rive se yon vyolasyon dirèk a pwòp “Politik Pwoteksyon” Bank Mondyal lan.
- (3) Enplikasyon Bank Mondyal nan sèktè min an Ayiti mal kategorize kom Kategori C. Erè sa a genyen kom rezilta yon ehek nan devwa yo pou konfòme ak “Politik Pwoteksyon” Bank Mondyal lan.
- (4) Lejislasyon min pwopoze, t ap vyole Konstitisyon Ayisyen, epi li t ap anpeche Leta Ayisyen fè fas a obligasyon dwa moun li selon dwa entènasyonal.

Nou mande Bank Mondyal pou l travay ak Gouvènman Ayiti – sitou (men pa sèlman) Biwo Min ak Enèji, Ministè Ekonomi ak Finans, epi Ministè Anviwonman – pou l adrese preyokipasyon nou defini nan lèt sa. Sa k pi enpòtan, nou mande Bank Mondyal pou l travay ak Gouvènman Ayiti pou enfòm ak konsilte popilasyon an yon nivo sifizan, sitou kominote ki lokalize nan zòn kote pwospeksyon ak eksplorasyon min deja fèt, epi tout lòt kominote ki pwobableman pral gen chans afekte pou devlopman endistri min.

## Mank Enfòmasyon ak Mank Konsiltasyon

---

<sup>1</sup>World Bank (Bank Mondyal). 2012. *Haiti - Additional Financing for the Infrastructure and Institutions Emergency Recovery Project*. Washington, DC: World Bank.  
<http://documents.worldbank.org/curated/en/2012/09/16732303/haiti-additional-financing-infrastructure-institutions-emergency-recovery-project> (hereinafter “Report No. 71882”).

<sup>2</sup>*Id. (menm)* a 45.

<sup>3</sup> Dènye vèsyon siyatè lèt sa gen nan posasyon yo, gen kom dat, fevrye 2014. Nou pa konnen si gen yon vèsyon ki pi resan.

Konvèsasyon sou devlopman sektè min nan kategorikman ekskli abitan kominite afekte yo. Plizyè douzèn entèvyou ak reyinyon kominote nou gentan menen montre abitan kominote sa yo pa okouran demach Gouvènman Ayiti, ak asistans Bank Mondyal, pou reekri lwa mine epi ogmante aktivite minyè nan fiti a. Anpil abitan pa konnen ki sa yon min ye, ou pa egzant, yo pa konnen si lò se yon resous ki pa renouvlab. Nan pi fò ka, kominote pa resevwa enfòmasyon ditou sou aktivite minyè ni pwosesis yo itilize nan sèktè ekstrakti, apa enfòmasyon plizyè siyatè lèt sa te pote bay yo.

Jiska prezan, aksè a enfòmasyon sou asistans teknik ak sipò finansye Bank Mondyal bay sèktè minyè trè limite. Bank Mondyal pataje enfòmasyon sitou ak yon ti gwoup ofisyèl ak fonksyone nan gouvènman ayisyen an. Yo fè sèlman tantativ pou pataje kèk ti enfòmasyon trè minimim ak yon gwoup ki pi laj. De tantatif sa yo konsiste nan reyinyon ki te fèt an franse,<sup>4</sup> nan Pòtoprens ki Bank Mondyal fè an patenarya ak Gwoup Travay Teknik Konjwent Bank Mondyal ak ofisyèl gouvènman ayisyen an sou Lwa Min, ak *Conseil de Développement Economique et Social* (“Konsey Devlopman Ekonomik ak Sosyal,” CDES). Premye rankont lan te yon Fowòm sou Aktivite Minyè, ki te fèt an Jen 2013 nan Hotel Montana. Dezyèm rankont te yon diskisyon Tab Wonn sou devlopman sèktè minyè ki te fèt an Jen 2014 nan Hotel Karibe. Men, rankont sa yo, yo pa se yon vre konsiltasyon ou pataj enfòmasyon efikas sou aktivite min. Patisipasyon nan tou de rankont te fèt sou baz envitasyon sèlman, epi dapre enfòmasyon ak konesans nou, ni menm yon grèn manm kominote kote konpayi min gentan opere pat envite nan rankont yo. Rankont yo te fèt nan gwo otel nan Pòtoprens, plizyè è distans pa machin oubyen bis, pa rapò ak kominote kote konpayi fè eksplorasyon lò ak lòt resous. Tou de otel yo pa aksesib atravè transpò trafik (piblik). Envitasyon pou patisipe nan fowòm ak pou diskisyon Tab Wonn, te distribye pa imel nan lang Franse.<sup>5</sup> Mwens pase 5 Ayisyen ki reprezante sosyete sivil te patisipe nan reyinyon sa yo, swa fowòm, swa diskisyon Tab Wonn. Grand majorite patisipan yo nan tou de rankont yo, se te reprezantan sèktè prive.

Menmsi plizyè anplwaye Bank Mondyal di nou enfòmasyon adisyonèl sou wòl Bank Mondyal nan aktivite min t ap vin anba je piblik la, jiska prezan enfòmasyon disponib tèlman piti. Bank Mondyal pa pataje enfòmasyon an liy (sou entènèt), sof dokiman don IIERP AF, ak pwopozisyon pwojè.<sup>6</sup> Dokiman IIERP AF sa yo, yo gen plizyè referans ak ranfòsman kapasite nan sèktè minyè. Pa gen oken enfòmasyon sou vre kontni angajman EI-TAF ki disponib. Prezantasyon Bank Mondyal sou travay la nan sèktè minyè an Ayiti ki pi detaye, se yon tèks ki yon sèl gren paj ki disponib an liy (sou entènèt), ki diskite Fowòm Minyè ki te fèt an jen 2013.<sup>7</sup> Anplis, pwojè lwa sou aktivite minyè, li pa affiche an liy epi li pa disponib an Kreyòl.

Mank konsiltasyon ak mank difizyon enfòmasyon sa, li afebli prensip ak politik operasyonèl Bank Mondyal pretàn defàn a yon nivo fondamantal, sitou Politik Bank Mondyal sou Aksè Enfòmasyon.

<sup>4</sup> Franse pale epi ekri an Ayiti, sèlman par moun ki benefisyè anpil ane edikasyon. Majorite pep ayisyen pale kreyòl.

<sup>5</sup> Estatistik Bank Mondyal la montre 10.6% popilasyon Ayiti gen aksè entènèt.

<http://search.worldbank.org/data?qterm=internet+user&language=&format=>. Lè nou konsidere se preske 10% Ayisyen ki rete Pòtoprens, nou ka emajine % moun riral ki gen aksè tèlman piti.

<sup>6</sup> <http://www.worldbank.org/projects/P130749/af-infrastructure-institutions-emergency-recovery?lang=en>

<sup>7</sup> <http://www.worldbank.org/en/news/feature/2013/07/25/haiti-mining-for-economic-growth>. Yon prezantasyon PowerPoint, ki te fèt par Dirèktè BME, te afiche yon lòt kote sou sit entènèt Bank Mondyal:

<http://www.worldbank.org/content/dam/Worldbank/document/Extractives/pdac2014/9.%20Ludner%20Remarais%20-%20Vers%20un%20developpement%20du%20secteur%20minier%20en%20Haiti.pdf>

Jès konsiltasyon sa yo pa sifizan ditou, sitou lè nou gade yo devan konsekans devlopman sektè minyè an Ayiti ki gen dwa gwo ak irevokabl. Donk, yo vyole “Politik Pwoteksyon” Bank Mondyal yo.

### **Ensifizans Pwoteksyon Anviwònman ak Sosyal nan nouvo Lwa minyè Bank Mondyal**

Jan nou eksplike anlè a, kominote yo kote genyen aktivite min lò poko okouran gouvènman ap reekri lwa a ni yo okouran kontni pwopozisyon nouvo lwa. Men, òganizasyon sa yo ak manm kominote yo ki okouran kontni pwopozisyon nouvo lwa enkyete lwa sa a pral atire investisman, men li pral fè peyi a vilnerab dega sevè anviwònman ak sosyal.

Kèk pwen nou diskite anba pa genyen tout enkyetid nou genyen ak nouvo lwa. Li tèlman enpòtan popilasyon Ayisyen gen opotinite reyalize yon diskisyon ak deba nasyonal avèk yon peryòd komantè piblik la pou pèp gen chans komantè sou pwopozisyon lwa epi diskite tout enkyetid nou genyen.

Premye preyokipasyon se nouvo lwa pa pwoteje anviwònman sifivan. Patikilyeman, atik yo manke detay. Yo kite anpil desizyon pou regleman yo.<sup>8</sup> Si pwopozisyon sa a rive gen fòs lalwa, mezi pwoteksyon anviwònman ki pa sifizan pa ka evite plis degradasyon anviwònman Ayiti ki deja “ekstreman frajil.”<sup>9</sup> Pwopozisyon lwa sa pa pwoteje Ayiti kont potansyèl kontaminasyon sous dlo konpayi min yo poze epi li pa prezeve dlo ak latè pou jenerasyon k ap vini yo. Kominote yo deja di yo gentan note dega anviwònman kote gentan eksplòre pou lò ak lòt metal yo. Dega yo note gen landan l rekòlt pèdi ak pyebwa pèdi epi degradasyon kalite sòl/tè a, ki tèlman enpòtan pou lavi peyizan nan kominote sa yo.

Nou menm enkyete tou nouvo lwa pa defann nou kont dega sosyal yo ki konn rive atravè aktivite endistri min nan, ki gen landan obligasyon abitan yo deplase epi relokalize yo san volontè. Atik 3 defini aktivite min tankou yon aktivite itilite piblik. Atik 150 lan ta pèmèt gouvènman Ayisyen an sezi pwopriyete prive a. Ansanm, Atik 3 ak Atik 150 ta fasilite gouvènman sezi tè pou bay konpayi yo paske Atik 3 di aktivite min se nan enterè piblik li ye. Atik sa yo fè l pi fasil pou konpayi yo jistifye itilize leta Ayisyen eksproprie tè a. Menas sa rive pi grav toujou lè nou konsidere Atik 250 lan, ki di li ki posede pèmi min nan mèt itilize tout tè nesèsè pou eksplorasyon ak eksplwatasyon. Anplis, pwopozisyon lwa a pa founi tèm adekwa pou pwoteje kalite lavi, pwopriyete prive, ni byenèt lavi kominote yo afekte pou aktivite min nan lane k ap vini yo.

Pa egzanp, Atik 158 deklare konpayi yo pa ka reyalize aktivite min andan yon zòn 50 met bilding yo ak kay yo. Distans sa pa sifi pou pwoteje abitan yo. Anplis, gouvènman Ayisyen manke kapasite pou devlope pwoteksyon adisyonèl atravè regleman yo epi li manke kapasite asire konpayi yo respekte pwovizyon ak tèm pa sifizan lwa genyen. Menm Bank Mondyal lan te di nan pwopozisyon pwoje a:

---

<sup>8</sup>Atik 115 konsène anviwònman men li pa bay detay. Tèm ki gen rapò ak fèmeti min ak rekoparasyon tè a vag anpil, epi yo kite desizyon enpòtan pou regleman. Gade pou wè Atik 72, 90, 153, 177-178, 183, 185, ak 191.

<sup>9</sup>World Bank, Report No. 71882.at 56.

“Istwa enstabilite politik Ayiti a diMinyè kapasite enstitiyon yo epi mekanis gouvènman yo epi li kontribye fèblès fiscal, fèblès dirijan, ak fèblès planifikasyon. Tranblemantè nan Janvyè 2010 fè tout obstak sa yo rive pi seryè toujou, ki diMinyè kapasite deja fèb leta a.”<sup>10</sup>

Tout nou ki siyen lèt sa a gentan obsève direkman mank kapasite gouvènman ak rapò aktivite min. Biwo Min ak Eneji deja admèt li pa gen anplwaye ak bon fòmasyon, li pa gen materyèl nesèsè pou kontwole aktivite min, epi li pa gen anplwaye pou dirije biwo rejyonal yo kote aktivite min lò ap pase. Kominote afekte yo enkyete sektè min lò prezante yon gwo risk sou lavi yo paske gouvènman pa gen kapasite kontwole aktivite min nan epi asire konpayi yo respekte lwa a.

Denyeman, nou enkyete sou Atik 114, ki mande tout dokiman ak rapò ki konsène aktivite min rete konfidansyèl pou yon peryòd 10 ane, pa konfòme estanda entènasyonal epi li ta diMinyè responsibilite a avèk transparans nan sektè min nan. Anplis, yon tèm ki ekzije konfidansyalite komsa vyole objektif Bank Mondyal “amelyore efikasite ak transparans nan itilizasyon resous piblik yo epi mete bay fòs sistèm dirijan sektè piblik Dayiti.”<sup>11</sup>

Si vèzyon lwa a sa rive gen fòs lalwa, menas tè, mank otorite lokal, ak degradasyon anviwònman pa ta sèl kontinye, men tout pwoblèm sa yo ta rive pi grav paske lwa a pa genyen mezi pwoteksyon sifizan epi nou byen rekonèt gwo risk ak menas aktivite min lò, sitou min lò syèl ouvè, prezante.

### **Fòk Bank Mondyal te Kategorize Pwoje a Tankou ‘Kategori A’**

Bank Mondyal lan te fè erè lè li bay pwoje devlopman sektè min an Ayiti Kategori C. Menmsi sipò Bank Mondyal pwoje sa a rive atravè “sipò teknik,” ki nòmalman se aktivite Kategori C, pwoje a konsène devlopman tout endistri min an Ayiti epi konsa li gen gwo chans prezante risk dega seryè anviwònman ak sosyal ki depase pwoje “sipò teknik” òdinè yo. Aktivite min se yon aktivite ki gen anpil risk, sitou nan peyi kote kapasite gouvènman pou kontwole aktivite a epi fòse konpayi yo respekte règ ak lwa yo tèlman fèb.<sup>12</sup> Donk, pwoje sa a merite Kategori A, epi fòk tout mezi prekasyonaire ki gen objektif pwoteje anviwònman ak dirabilite nan pwoje Kategori A, ki pami yo ekzije yon bon konsiltasyon pèp afekte yo, aplike.<sup>13</sup>

### **Vyolasyon Konstitisyon 1987 lan epi Vyolasyon Dwa Moun sou Pèp Ayisyen an**

Jiska prezan, konpòtman Bank Mondyal ak gouvènman Ayisyen an nan devlopman sektè min pa respèkte anviwònman ni dwa popilasyon an genyen pou patisipe nan desizyon ki afekte lavi yo. Konstitisyon 1987 Peyi Dayiti pwoteje anviwònman, dwa enfòmasyon, ak dwa libète lapawol.<sup>14</sup>

<sup>10</sup>World Bank, Report No. 71882, at 10.

<sup>11</sup>World Bank, Report No. 71882, at 10.

<sup>12</sup>Bank Mondyal pale direkman sou mank kapasite leta nan dokiman pwopozisyon pwojè yo, ki Bank Mondyal te ekri 2012. *Gade pou wè* World Bank, Report No. 71882, at 9.

<sup>13</sup>Dapre Politik Operasyonel 4.01, pou pwojè Kategori A ak B, patnè Bank Mondyal oblije konsilte ak pèp afekte yo, ak òganizasyon debaz pou diskite enpak potansyèl pwojè a pou konsidere enkyetid ak pespektif pèp la. World Bank, Operational Policy on Environmental Assessment –OP 4.01 para 14, *available at* <http://go.worldbank.org/K7F3DCUDD0>. Pou pwojè Kategori A, Bank Mondyal politik mande li konsilte ak pèp afekte omwens 2 fwa. *Gade pou wè Id.*

<sup>14</sup>CONSTITUTION DE LA REPUBLIQUE D’HAÏTI, art. 253, 40&28.

Pak Entènasyonnal ki konsène Dwa Sivil ak Politik yo (PEDSP)<sup>15</sup> avèk Pak Entènasyonnal ki konsène Dwa Ekonomik Sosyal ak Kiltirèl yo (PEDSK)<sup>16</sup> pwoteje dwa pou patisipe nan pwosesis pou pran desizyon yo, ki enkli tout aktivite 'devlopman.' Ayiti gentan ratifye toude PEDSP ak PEDSK, kidonk li dwe respèkte pwovizyon li ki konsène dwa patisipasyon an.<sup>17</sup> Nan ka aktivite min, dwa patisipasyon enkli yon pwosesis dialog, konsiltasyon, ak negosyasyon ki bay kominote yo opòtinite pou jwe yon wòl aktif nan desizyon sektè min nan.<sup>18</sup> Fòk sa enkli patisipasyon nan devlope lwa min nan. Si Bank Mondyal ak gouvènman sa a kontinye mete deyò moun ki afekte dirèkteman pou aktivite min, epi si pwopozisyon lwa jan li ye a rive gen fòs lalwa epi yo enplemante li, sa ap reprezante yon vyolasyon Konstitisyon 1987 lan epi yon vyolasyon angajman dwa moun entènasyonnal gouvènman Ayisyen an te antrepran pou l respèkte.

### **Kontèks Politik, Sosyal, ak Ekonomik Jounen Jodi a**

Lèt sa bay detay sou enkyetid yo gen sou devlopman endistri min nan. Òganizasyon ki sinyen lèt sa vle mete aksan sou jan enkyetid fondamantal sa yo enplike tout sektè devlopman yo. Lè n konsidere baz ekonomi peyi Dayiti chita sou agrikilti aloske eksplwatasyon min ka gen gwo enpak sou sektè sa. Lè n konsidere peyi Dayiti dapre Bank Mondyal deja soufri gwo pwoblèm aksè dlo aloske aktivite ap bezwen anpil dlo pou rive devlope.<sup>19</sup> Lè n konsidere Bank Mondyal ap apiye pou fè yon nouvo lwa minyè pou ranplase lwa minyè 1976 la san palman ayisyen pa okouran sou nouvo lwa sa ki pral angaje demen peyi a. Lè n konsidere eksperyans Renold's ak SEDREN nan peyi a kote jiskounya zèb pa pouze.

Anplis sa, pwojè endistri minyè a ap fèt san patisipasyon moun nan kominote yo ak rès popilasyon an pandan konstitisyon Ayisyèn fè konnen min yo fè pati patrimwàn piblik. Anpil fwa, moun kominote yo rete epi yo wè yon seri moun debake nan jaden yo, anndan lakou yo, fouye tou pou tès. Kominote yo pa konnen ki yès moun sa yo ye. Anplis, yo pa konn ki enstitisyon entènasyonnal k ap investè lajan nan yon pwojè, epi abitan yo santi desizyon ki afekte lavi yo pase ankachèt. Òganizasyon ki sinyen lèt sa a enkyete sou devlopman zòn touris ki atire etranje yo san yo pa mete abitan sou tè yo okouran, sou pwojè agwobiznis ki angaje ak koporasyon yo men ki pa angaje moun k ap travay latè yo, ki pa nonplis kontribye nan yon devlopman kote pèp Ayisyen ka bay dizon l, ki se sèl devlopman ki dirab.

<sup>15</sup>Pak Entènasyonnal ki Konsène Dwa Sivil ak Politik, adopte 16 Desanm 1966, 999 U.N.T.S. 171 (1967) (PDSP), ratifye pou Ayiti Desanm 6, 1991.

<sup>16</sup>PDESK, adopted Dec. 16, 1966, 993 U.N.T.S. 3 (1967) (hereinafter ICESCR), ratified by Haiti on Oct. 8, 2013.

<sup>17</sup>Dwa Patipasyon sòti Atik 25 of the PDESK.

<sup>18</sup>Gade pou wè UNITED NATIONS, REPORT OF THE WORLD SUMMIT ON SUSTAINABLE DEVELOPMENT (2002), UN Doc. A/CONF. 199/20, ¶46 (b): "Pou ogmante kontribisyon mineral ak metal pou yon devlopman dirab mande aksyon nan tout nivo: ogmante patisipasyon aktè yo, ki gen landan l gwoup lokal ak kominote indejèn ak fanm, pou jwè yon wòl aktif nan devlopman sektè min nan sou tout devlopman li jiska min nan fèmen dapre reg nasyonnal epi ak respè pou enpak global."

<sup>19</sup> Pòvète ak Enklizyon an Ayiti: Pwogrè Sosyal Anvanse Dousman, World Bank, 2014, ou ka jwenn atik an Angle isit: [http://www-wds.worldbank.org/external/default/WDSContentServer/WDS/IB/2014/07/21/000442464\\_20140721112314/Rendered/PDF/895220BRI00pau00Box385284B00PUBLIC0.pdf](http://www-wds.worldbank.org/external/default/WDSContentServer/WDS/IB/2014/07/21/000442464_20140721112314/Rendered/PDF/895220BRI00pau00Box385284B00PUBLIC0.pdf)

Sitiyasyon politik an Ayiti nan moman sa a prezante yon gwo defi pou ratifikasyon demokratik ak enplemantasyon responsab pwopozisyon lwa a. Kondisyon sa yo ogmante posibilite pwojè lwa ankouraje aktivite minyè ki pa responsab epi ki gen menas lakòz gwo dega sosyal ak anviwònman. Nan twa lane ki fèk pase, elèksyon pou anpil pòs kominal ak lejislatif pa rive tanmen. Yo poko fèt. Si elèksyon ki yo pwomèt depi lontan pa rive fèt anvan manda 10 senatè fini nan janvyè 2015, palman ap disoud, epi peyi ap plonje nan plis dezakò politik. Lè sa, Prezidan Michel Martelly ka chwazi pou l gouvènè pa dekrè. Premyè Minis lan, Laurent Lamothe, deja sijere elèksyon ki sipoze fèt depi lontan, pou pos kominal ak lejislatif, pral fèt premye pati ane pwochèn, men kominote toujou enkyite, paske nan twazan sa yo di plizyè fwa yo pral fè eleksyon men yo poko reyalize yo.

Nan dokiman original sou enfòmasyon sou Pwojè IIERP, Bank Mondyal te adrese an pwofondè, “istwa long enstabilite politik an Ayiti” ki “konsiderableman afebli enstitisyon ak mekanis gouvènman.”<sup>20</sup> Apati 2012, Bank (Mondyal) te dekri sitiyasyon politik kom yon sitiyasyon “ki ap amelyore,” epi te prezante Prezidan ak Premyè Minis, ki te fèk eli, kom dirijan k ap “fonksyone nan yon gouvènman plizanpli stab.”<sup>21</sup> Men, devlopman resan remet konklizyon sa yo an kesyon. Lavni “eta de dwa” an Ayiti paret enprevizib.

Li difisil pou avanse ak refòm demokratik pou yon lwa ki gen enplikasyon siyifikatif pou lavni Peyi Dayiti, menm nan meye moman, kom se sèlman efè konsete ki pou kreye yon dyalòg nasyonal ki aksesib pou tout popilasyon an. Si pwosesis politik an Ayiti dezentegre efektivman epi sitou, si Pouvwa Egzekitif komanse gouvènè pa dekre, yon tèt dyalòg ap enposib. Si sa fèt, li nesèsè pou Bank Mondyal pa kowopere ni asiste nan enplemantasyon yon nouvo lwa Minyè, ki deyo proses demokratik “deliberatif,” ki gen ladan l, deba reyèl, epi eleksyon lib pou chwazi Palman. Epi tou, nenpòt analiz pou evalye si mezi pwoteksyon sosyal, pwoteksyon anviwònman, epi lòt fòm pwoteksyon yo sifizan, dwe peze enstabilite nan sitiyasyon politik, epi limit nan kapasite Gouvènman Ayiti.

### **Demàn pou Bank Mondyal la**

Nou mande pou Bank Mondyal reponn preyokipasyon nou eksprime nan lèt sa, kote yo sipoze antreprann ou, kote ki apropriye, yo asire Gouvènman Ayiti antrepran aksyon sa yo:

- 1) Tradwi pwopozisyon lwa a. Tradwi pwopozisyon law an Kreyo, sikile li pou l disponib pou sosyete sivil, ak òganizasyon mouvman sosyal, ansanm ak gouvènman lokal, ak medya, pou asire pwopozisyon lwa distribye toupatou, pou l rive nan kominote aktivite min afekte ak kominote aktivite min ka gen chans afekte. Prezante enfòmasyon ki klè ak jis epi ki disponib sou enplikasyon pwojè lwa a kominote aktivite Minyè an Ayiti deja afekte ou aktivite Minyè nan lavni gen dwa afekte, pou pèmèt yo patisipe yon fason reyèl ak efikas nan konsiltasyon sou pwopozisyon lwa. Sa sipoze gen ladan l,

---

<sup>20</sup>World Bank (Bank Mondyal). 2012. *Haiti - Additional Financing for Infrastructure and Institutions Emergency Recovery Project*. Washington, DC: World Bank, at 3.  
<http://documents.worldbank.org/curated/en/2012/07/16554755/haiti-af-infrastructure-institutions-emergency-recovery>.


<sup>21</sup>*Id. (Menm) a 2.*


enfòmasyon sou devlopman sektè Minyè planifye, ak enpak potansyèl nan lavni sou kominote sa yo.

- 2) Òganize konsiltasyon ak kominote aktivite min nan lavni gen dwa afekte an Ayiti, sou pwopozisyon lwa sou aktivite min, devlopman sektè Minyè ki planifye nan lavni, ak enpak potansyèl aktivite Minyè sou kominote yo, epi aktivite sibstans yo. Asire konsiltasyon sa yo sou gen enfòmasyon sou ki jan pwòjè lwa yo pwopoze pretan li pwoteje anviwònman, epi ankouraje konsiltasyon siyifikatif ak moun ki pral afekte. Konvesasyon yo dwe adrese preyokipasyon moun genyen tou, kote yo manke kwè nan kapasite Gouvènman Ayiti pou yo aplike lwa a, epi siveyè vyolasyon lwa a.
- 3) Prezide sou yon “peryòd komante piblik” pou omwen si mwa, epi bay yon opòtinite pou revizyon pwopozisyon lwa, pou repon a tout komante ki soumet anvan pwopozisyon lwa prezante fòmèlman a Palman.
- 4) Chanje kategori aktivite asistans Bank Mondyal ofri sektè Minyè kom “Kategori A,” pou reflichè kalite ak kantite enpak ak menas potansyèl ki gen dwa fèt si pwòjè a kontinye epi nouvo lwa jwen gen fòs lalwa. Nan koneksyon sa, defini ak enpleman yon plan pou adrese popilasyon ki vilnerab nan devlopman sektè Minyè, epi defini yon plan pou adrese enpak anviwònman negatif potansyèl, aktivite min lò ak lòt aktivite minyè prezante.
- 5) Revize pwopozisyon lwa a pou l pwoteje moun pi byen kont menas sosyal ak anviwònman ki sòti nan aktivite minyè ak eksplorasyon minyè. Lwa sa a dwe respekte angajman entènasyonal Ayiti pran nan domèn dwa moun, sitou dwa patisipasyon, jan PEDSP ak PEDSK atikile.
- 6) Mèt prèsyon sou Gouvènman Ayiti, ki gen landan l bloke asistans finansye nan lavni si gouvènman eseye pwomulgra lwa sa a oubyen nenpòt lwa say o ki konsène aktivite minyè san yo pa reyalize aksyon 1-5 ki defini anlè.

Nou di byenvini ak tout opòtinite pou angaje nan plis dialòg sou preyokipasyon nou, epi pou travay pou rezoud preyokipasyon sa yo. Li nan meyè enterè siyatè yo, epi pèp ayisyen tout ansanm, pou yo adrese preyokipasyon sa yo yon fason rapid ak efikas. Nou ekstrèmman dispoze pou nou ofri asistans oubyen enfòmasyon ki nesèse pou fasilite konvesasyon sa epi nou swete nou enpleman aksyon nou mande. Mèsi pou tan ou ofri nou, epi nou swete travay ansanm avè nou nan yon lavni ki prè.

Òganizasyon ki sinyen lèt la:

  
Pou Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen, Manm Kolektif Jistis Min


  
Pou Mouvmman Demokratik Popilè (MODEP), Manm Kolektif Jistis Min



*Antonal Mortimé*

---

Pou Plateforme des Organisations Haïtiennes de Droits Humains (POHDH), Manm Kolektif Jistis Min



---

Pou Plateforme haïtienne de Plaidoyer pour un Développement Alternatif (PAPDA), Manm Kolektif Jistis Min

*Flaeysselle*

---

Pou Défenseurs des Opprimées/Opprimés (DOP), Manm Kolektif Jistis Min

*Margaret Fetter*

---

Pou Global Justice Clinic, NYU School of Law  
Kom reprezantan Klinik Jistis Global, Fakilte Dwa NYU